

Kategori : ELÈV

Pibliye: 26 JEN 2009

Nimewo : **A-663**

Sijè : TRADIKSYON

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-663 ki date 2 novanm 2007.

Li fikse pwosedi pou garanti ke yo bay paran elèv ki pa pale anglè byen Limited English Speaking (LEP) bonjan opòtinite pou patisipe ak pou gen aksè nan pwogram ak sèvis ki enpòtan pou edikasyon pitit yo.

Chanjman:

- Li gen ladan òganizasyon Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education*(NYCDOE)
- Li di ke elèv minè yo pa gen dwa ofri sèvis tradiksyon/entèpretasyon
- Divizyon Tradiksyon ak entèpretasyon Translation and Interpretation Unit(T&I) pra l fè fòmasyon pou koòdonatè paran ak pou lòt manm estaf ki nan lekòl yo sou kondisyon pou gen aksè nan tradiksyon/entèpretasyon.

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-663 ki date 2 novanm 2007. Li fikse pwosedi pou garanti ke yo bay paran elèv ki pa pale anglè byen Limited English Speaking (LEP) bonjan opòtinite pou patisipe ak pou gen aksè nan pwogram ak sèvis ki enpòtan pou edikasyon pitit yo.¹

T&I ki nan Biwo pou Angajman ak Defans dwa Fanmi *Office for Family Engagement* (OFEA) responsab pou ofri sipò pou aksè nan lang ba fanmi ak paran lidè yo.

I. DEFINISYON

Pou objektif regleman sa a:

- A. Lang yo kouvri vle di nèf lang prensipal moun k ap viv nan Vil Nouyòk plis pale yo apa anglè pale jan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ("The Department") idantifye l.
- B. Lang prensipal vle di lang prensipal paran oswa responsab yon elèv pale, jan Depatman an detèmine l.
- C. Entèpretasyon vle di aksyon kominikasyon nan menm peryòd ant yon moun ki pale anglè ak yon moun ki pale yonn nan lang nou ofri yo kote li transmèt mo yon moun di ba lòt moun aloral nan yon lang diferan.
- C. Tradiksyon vle di kominikasyon alekri ant yon moun ki pale anglè ak yon moun ki pale yonn nan lang nou ofri yo kote li transmèt mo yon moun ekri ba lòt moun alekri nan yon lang diferan.
- E. Sèvis asistans pou lang vle di entèpretasyon ak/oswa tradiksyon ant anglè ak yon lang nou kouvri.

II. DETÈMINASYON LANG PRENSIPAL

- A. Lekòl yo dwe deside nan yon entèval trant(30) jou apre yon elèv fin rantre lekòl(oswa pou elèv ki deja nan lekòl la, dapre yon dat ak pwosedi Office of Teaching and Learning ap detèmine) lang prensipal paran chak elèv ki nan lekòl la pale epi si lang sa se pa anglè, si paran an bezwen asistans nan lang pou l ka kominike yon fason efikas ak Depatman an.
- B. Lekòl la ap kenbe yon dosye apwopriye ak aktyèl sou lang prensipal chak paran pale. Yo dwe konsève enfòmasyon sa yo nan ATS ak nan kat ijans elèv la.

III. OBLIGASYON POU OFRI SÈVIS ASISTANS POU LANG

- A. Chak lekòl ak biwo pral ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki konfòm ak regleman sa a ba tout paran ki bezwen asistans pou lang pou yo ka kominike yon fason efikas avèk Depatman an.
- B. Depatman an ka ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki depase sa yo presize nan regleman sa a.
- C. Paran ka chwazi fè yon zanmi adilt/konpayon oswa yon fanmi konfyans pou bay sèvis lang ak sèvis entèpretasyon. Elèv ak lòt timoun(minè ki poko gen 18 lane) pa ka sèvi kòm entèprèt pou manm estaf lekòl ak paran pandan okenn reyinyon fòmèl oswa enfòmèl kote y ap diskite pwogrè ak/oswa konduit elèv.

¹ Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.

IV. EVALYASYON POU ASISTANS POU LANG NAN LEKÒL

- A. Chak lekòl dwe konsidere bagay sa yo kòm yon pati nan plan global edikasyon *Comprehensive Educational Plan*(CEP):
1. bezwen pou asistans nan lang li konfòm avèk kondisyon reglemans sa a, tankou:
 - a. founisman regilye ak atan dokiman ki tradui yo atravè resous ki deja la oswa atravè T&I;
 - b. founisman atan sèvis entèpretasyon nan reyinyon angwoup ak endividyèl lè yo mande lè sèvis sa yo nesèsè pou paran kominike avèk pwofesè, konseye pedagogik, enfimyè ak/oswa estaf lekòl konsènan enfòmasyon enpòtan sou edikasyon pitit yo;
 - c. kòman l ap satisfè bezwen sa yo; epi
 - d. bidjè ak estaf ki la pou satisfè bezwen sa yo;
 - e respè kondisyon sou avi ki tabli nan seksyon VII ki pi ba a.

V. KONDISYON POU TRADIKSYON

- A. Kominikasyon enpòtan ki soti nan nivo santral
1. Biwo santral DOE pral idantifye dokiman yo distribiyè oswa ke yo voye sou fòm elektwonik ba tout paran nan Vil la ki gen enfòmasyon sou edikasyon pitit yo, tankou bagay sa yo ak lòt ankò:
 - a. enskripsyon, aplikasyon ak chwa;
 - b. nòm ak pèfòmans(paegzanp tèks ofisyèl sou kanè);
 - c. konduit, sekirite ak disiplin;
 - d. sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal *related services*; epi
 - e. transfè ak ranvwa.
 2. T&I pral: (a) tradui dokiman enpòtan sa yo nan yon tan rezonab, nan chak lang nou kouvri yo; epi travay ak biwo ki responsab pou kominikasyon enpòtan an pou fè tradiksyon sa yo disponib nan lekòl yo.
- B. Dokiman enpòtan ki byen presi pou elèv
1. Lekòl yo pral ofri paran ki pale yonn nan lang nou kouvri yo tradiksyon tout dokiman ki gen enfòmasyon endividyèl, ki espesifik pou yon elèv konsènan bagay sa yo ak lòt ankò:
 - a. sante;
 - b. sekirite;
 - c. zafè ki gen rapò avèk lajistis oswa disiplin; ak
 - d. dwa pou edikasyon piblik oswa plasman nan nenpòt pwogram edikasyon espesyal, elèv k ap aprann lang anglè *English Language Learner*(ELL) oswa pwogram ki pa ofisyèl.
- C. Lòt opsyon pou tradiksyon
- Lè T&I, yon lekòl oswa yon biwo pa kapab ofri tradiksyon yo mande a nan yon lang oswa plis pou yon ti bout tan, anplis nenpòt lòt asistans, li dwe bay yon lèt kouvèti oswa yon nan devan dokiman anglè a nan lang apwopriye nou kouvri yo ki endike kòman yon paran ka mande tradiksyon dokiman gratis.

VI. SÈVIS ENTÈPRETASYON

- A. Depatman an pral ofri sèvis entèpretasyon, nan limit posib bidjè a pou sèvis sa yo, pandan lè regilye biznis, pou paran ki pale yon lang prensipal nou kouvri epi ki mande sèvis sa yo pou li ka kominike avèk estaf lekòl la ak otorite nan lekòl la konsènan enfòmasyon sou edikasyon pitit yo.
- B. Si li disponib, y ap ofri sèvis entèpretasyon sa yo swa nan lokal kote paran an bezwen kominike a swa pa telefòn.
- C. T&I Depatman an pral ofri sèvis entèpretasyon nan reyinyon Vil sa yo:
 - 1. Reyinyon Komite pou regleman nan edikasyon *Panel for Educational Policy (PEP)*;
 - 2. Reyinyon paran ELL Vil la;
 - 3. Reyinyon Konsèy Edikasyon Vil/Konsèy Edikasyon pou kominote *Citywide & Community Education Council*;
 - 4. Lòt reyinyon paran Vil biwo santral òganize.

Y ap bay sèvis entèpretasyon nan kèlkeswa lang nou kouvri ke depatman an atann moun k ap patisipe nan reyinyon oswa aktivite sa a pale.

VII. KONDISYON POU AVI

- A. Lekòl yo ak biwo yo responsab pou bay chak paran ki pale yon lang nou kouvri epi ki mande asistans nan lang yon kopi Deklarasyon sou dwa ak responsablite paran *Bill of Parent Rights and Responsibilities* ki gen ladan dwa yo genyen sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon. Tradiksyon dokiman sa a nan lang nou kouvri yo disponib nan <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ParentBillofRights/default.htm>.
- B. Lekòl yo ak biwo yo dwe afiche yon kote ki vizib oswa nan yon antre prensipal nan lekòl la yon siy nan chak lang nou kouvri yo oswa nan lang pi popilè nou kouvri yo ki di sèvis entèpretasyon disponib. Siy ki tradui nan lang nou kouvri yo disponib nan <http://schools.nyc.gov/Offices/Translation/TipsandResources/Default.htm>.
- C. Chak plan sekirite lekòl ap gen ladan pwosedi pou garanti ke paran ki bezwen gen aksè nan sèvis pou lang pa gen pwoblèm pou kominike ak biwo administrasyon lekòl la sèlman akoz yo pa pale anglè.
- D. Chak lekòl ki gen plis pase 10% paran timoun ki pale yon lang prensipal ki pa ni anglè ni yonn nan lang nou kouvri yo, pral jwenn yon tradiksyon siy ak fòm obligatwa sa yo nan lang yo pale a ki soti nan T&I dapre seksyon sa a epi yo pral poste ak bay fòm sa yo dapre seksyon sa a.
- E. Sit wèb Depatman an pral gen enfòmasyon nan chak lang nou kouvri yo konsènan dwa paran pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ak kòman pou yo gen aksè nan sèvis sa yo.

VIII. PWOSEDI POU MANDE SÈVIS POU AKSÈ NAN LANG

- A. Lekòl yo ak biwo DOE pral suiv pwosedi ki dekri sou sit wèb T&I la pou yo ka satisfè kondisyon tradiksyon ak entèpretasyon ki fikse nan regleman sa a.
- B. Paran ki ta renmen resevwa sèvis pou aksè nan lang ta dwe kontakte biwo lekòl ki bò lakay yo oswa lekòl kote pitit yo ye a.
- C. Ou ta dwe poze kesyon sou fason pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo ba T&I.

IX. TRENING

Divizyon Tradiksyon ak entèpretasyon Translation and Interpretation Unit(T&I) pra l fè fòmasyon pou koòdonatè paran ak pou lòt manm estaf enpòtan ki nan lekòl yo sou kondisyon pou gen aksè nan tradiksyon/entèpretasyon ki nan regleman sa a ak sou resous ki disponib pou sipòte kondisyon sa yo.

X. KONSIDYON POU FÈ RAPÒ

T&I pral kenbe dosye tout sèvis pou aksè nan lan li bay, tankou bagay sa yo ak lòt ankò:

- kantite diferan dokiman li tradui nan lang nou kouvri yo ak tip dokiman sa yo anjeneral;
- nan kantite reyinyon li bay sèvis entèpretasyon ak nan lang li bay sèvis sa yo;
- bidjè anyèl li pou sèvis pou aksè nan lang;
- kantite anplwaye depatman an ki ofri sèvis pou aksè nan lang atan plen;
- kantite fwa yo bay sèvis entèpretasyon nan telefòn ak nan lang yo bay sèvis sa yo.

XI. KESYON

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe kontakte :

Telefòn :
718-752-7373

*Office for Family Engagement and Advocacy
Translation and Interpretation Unit
N.Y.C. Department of Education
45-18 Court Square - 2nd Floor
Long Island City, NY 11101*

Faks :
718-752-7390

Imèl : translations@schools.nyc.gov
<http://www.nyc.gov/schools/offices/translation>